STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 26 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PEPSICO PRAL MODÈNIZE AL AGRANDI BIWO SANTRAL MONDYAL LI KI NAN WESTCHESTER, POU KONSÈVE 1.100 DJÒB

Yon kantite 1.250 djòb pral kreye kòm yon rezilta modènizasyon an ak restriktirasyon bilding nan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse PepsiCo pral modènize biwo santral mondyal li ki nan Purchase, pou konsève 1.100 djòb konpayi manje ak bwason nan Eta New York. Pandan tout dire pwojè a, ki gen ladan re-devlopman konplè espas biwo sou 420.000 pye kare, apeprè 1.250 djòb lokal nan konstwiksyon ap kreye.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Lè nou travay ansanm avèk PepsiCo nan New York, n ap konsève plis pase yon milye djòb lokal ki enpòtan pou fòs ekonomi Westchester pandan lontan. Avèk kreyasyon siplemantè plis pase mil djòb nan domèn konstwiksyon, pwojè sa a pral bay yon sipò imedyat pou ekonomi lokal la pandan l ap kite PepsiCo toujou prezan kòm youn nan pi gwo patwon New York pou plizyè ane k ap vini."

PepsiCo te chanje lokal biwo santral mondyal li pou sòti nan New York epi pou ale nan Purchase nan ane 1970. Bilding nan t ap fonksyone pandan 42 ane avèk kèk ti modènizasyon. Pwojè sa a pral pèmèt konpayi an ogmante kapasite bilding nan a apeprè 15 pousan. L ap pèmèt konpayi an modènize teknoloji ki pase mòd tou, enfrastrikti debi ak telefoni k ap pèmèt konpayi an kominike avèk plis efikasite avèk plizyè aksyonè li yo ki toupatou nan lemonn. Modènizasyon yo ap redui itilizasyon enèji a 22 pousan, itilizasyon dlo a 57 pousan, ak emisyon gaz efè tèmik a 22 pousan avèk ranplasman ansyen sistèm enfrastrikti avèk solisyon avanse k ap pèmèt bilding nan opere avèk plis efikasite.

Rich Delaney, vis-prezidan direktè, operasyon, PepsiCo, di konsa, "Apre plis pase 40 ane avèk kèk ti modènizasyon, biwo santral mondyal nou bezwen modènizasyon pou satisfè fiti bezwen konpayi an. Pwojè sa a pral modènize biwo santral nou nan fason k ap ogmante efikasite operasyon yo, kreye yon anviwònman travay ki gen pi bon koneksyon ak kolaborasyon, epitou pèmèt PepsiCo kontinye atire pi gwo talan nan konpayi an. Nou gen anpil apresyasyon pou travay Gouvènè Cuomo ak tout ofisyèl eta ak ofisyèl lokal yo ki kontinye fè Konte Westchester vin yon gwo kote pou fè biznis."

Avèk Empire State Development (ESD), Eta a bay PepsiCo $4 milyon dola nan kredi fiskal Excelsior pou jwenn envestisman $243 milyon dola li pou konsève biwo santral mondyal li nan Westchester.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Lè nou konsève PepsiCo ak plis pase mil djòb li yo nan Purchase sa reprezante yon gwo sipò pou ekonomi Westchester. Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, Eta a ap jwenn resous estratejik li yo pou kenbe youn nan pi gwo biznis manje ak bwason mondyal isit la nan New York. Mwen di mèsi pou tout patnè yo, ansanm avèk PepsiCO, ki gen angajman pou konsève ak re-devlope biwo santral li isit la se yon siy klè ki montre New York se kote pou biznis rete ak devlope.”

PepsiCo ap chèche jwenn sètifikasyon LEED pou bilding modènize a. Modènizasyon sa yo ap bay pi bon aksè tou pou limyè solèy natirèl, kreyasyon yon anviwònman travay ki gen plis kolaborasyon ak inovasyon pou anplwaye PepsiCo yo, ak plis ogmantasyon mwayen pou bay fòmasyon. Modènizasyon espas biwo Purchase ap kòmanse nan premye trimès 2013.

Anplis prim finansye Eta New York ofri yo, Westchester County IDA te apwouve egzanpsyon sou taks sou lavant pou PepsiCo.

Egzekitif Konte Westchester, Robert P. Astorino, di konsa, “Antan yon konpayi mondyal, PepsiCo kapab mete biwo santral li nenpòt kote nan lemonn. Nou te travay di pou kenbe PepsiCo nan Westchester avèk kreyasyon yon anviwònman biznis pozitif. Paske konpayi an deside re-envesti nan Westchester sa se yon siy konfyans nan avni konpayi an, yon sipò pou ekonomi lokal la, ak agrandisman yon relasyon 50 ane ki te yon modèl patenarya sivik-sosyete. Anpil mèsi pou tout moun nan PepsiCo pou konfyans yo nan Westchester.”

Pwojè sa a se dezyèm anons pou byen imobilye PepsiCo nan Konte Westchester nan dènye 18 mwa yo. Konpayi an te modènize lokasyon li nan Somers, New York, nan mwa mas 2011, avèk yon pati sipò yon sibvansyon $4 milyon dola nan ESD ki te ede konsève plis pase 900 djòb nan Westchester.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418